

## Ki Kèk nan Responsablite yon Moun k ap Montre w jwenn Sipò pou Moun Viv?

- Li ede w jwenn lojman ki apwopriye ak sipò nan kay ki nesèsè yo
- Li montre w reyalize, kenbe, oswa amelyore konpetans ki lye ak lavi kouran yo
- Li siveye sante w
- Li kòdone opòtinite pou l mete w an kontak ak resous ki nan kominote yo
- Li ba w konsèy ak siveyans finansye

Nan aktivite espesyal yo genyen ede w jwenn yon apatman pou lwe, jesyon finansyè ak zafè labank, fè manje, fè netwayaj, fè achte, fè twalèt epi ede w konekte ak kominote a.

Montre w jwenn sipò pou moun viv kapab kòmanse jiska 90 jou anvan w al rete nan kay ou chwazi a.

Moun k ap montre w jwenn sipò pou moun viv yo dwe bay yon repons annijans 24 sou 24, 7 jou sou 7.

## Kat Rejyonal APD



### Northwest Region 850-487-1992

Bay, Calhoun, Escambia, Franklin, Gadsden, Gulf, Holmes, Jackson, Jefferson, Leon, Liberty, Okaloosa, Santa Rosa, Wakulla, Walton, and Washington counties

### Northeast Region 1-844-766-7517

Alachua, Baker, Bradford, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Hamilton, Lafayette, Levy, Madison, Nassau, Putnam, St. Johns, Suwannee, Taylor, Union, and Volusia counties

### Central Region 407-245-0440

Brevard, Citrus, Hardee, Hernando, Highlands, Lake, Marion, Orange, Osceola, Polk, Seminole, and Sumter counties

### Suncoast Region 1-800-615-8720

Charlotte, Collier, DeSoto, Glades, Hendry, Hillsborough, Lee, Manatee, Pasco, Pinellas, and Sarasota counties

### Southeast Region 561-837-5564

Broward, Indian River, Martin, Okeechobee, Palm Beach, and St. Lucie counties

### Southern Region 305-349-1478

Dade and Monroe counties

# Supported

# Living



## Ajans pou Moun Andikape

4030 Esplanade Way, Suite 380

Tallahassee, FL 32399-0950

1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)

850-488-4257

apdcare.org



agency for persons with disabilities  
State of Florida



## Kisa Sipò Pou Moun Viv ye?

Sipò pou moun viv se yon opòtinite pou granmoun ki gen andikap devlopman yo chwazi kote, ki jan ak kiyès pou yo viv. Moun yo resevwa sipò pèsonalize ki nesèsè pou yo satisfè bezwen pwòp fwaye yo. Sipò pou moun viv parèt tankou opsyon pou rezidans k ap devlope pi rapid nan Florida. Gras ak amenajman sipò pou moun viv yo, moun yo, menm sa ki gen gwo andikap yo, kapab viv nan pwòp kay yo epi vin fè pati kominote yo an.

## Kiyès ki Kalifye pou Sipò pou Moun Viv?

- Granmoun ki gen 18 lane oswa plis;
- Ki satisfè kritè kalifikasyon APD yo;
- Vle viv nan pwòp kay li oswa pwòp apatman li avèk pa plis pase de (2) lòt moun; epi
- Non moun lan dwe parèt sou kontra lwaye a oswa moun lan dwe posede kay la.

## Ki Sipò ak Sèvis ki Disponib?

Chak moun k ap patisipe nan sipò pou moun viv ka chwazi nan yon pil sipò pou pèmèt yo satisfè bezwen fwaye pa yo.

Sèvis yo kapab genyen ladan yo:

- Sipò pèsònèl
- Montre W Jan Pou Jwenn Sipò pou Moun Viv
- Devlopman Konpetans ki lye ak Lavi 1 (Sipò nan Travay)
- Devlopman Konpetans ki lye ak Lavi 2 (Konpayon)
- Devlopman Konpetans ki lye ak Lavi 3 (Fòmasyon Lajounen pou Granmoun)
- Transpò
- Lòt sèvis renonsyasyon